PUPUH XXXI: KINANTHI (8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Pan Sultan panuhun ingsun, marang adhima-(h.336)-s Ngabehi, mĕngkana Sri Naranata, sarĕng mirsa haturneki, kang rama jĕng panĕmbahan, lir sinapu duka neki,	"Sultan, permohonan saya terhadap adik Ngabehi." Begitulah Paduka Raja setelah mengetahui ucapannya sang bapak Kanjeng Panembahan bagai disapu (rasa) dukanya.
2.	Aris ngandika Sang Prabu, tandya mring kang rama iki, mangke deng pundi ĕnggennya, man maja inggih kiyahi, Panĕmbahan aturira, sun tinggal paseban jawi,	Perkataan Paduka Raja lemah lembut kepada sang bapak "Saat ini berada di mana Paman Maja?" jawab Panembahan, "Saya tinggalkan di paseban luar"
3.	Kang Sinuhun nulya ngutus, punakawan[1] kang tinuding, nimbali Kiyahi Maja, tan pantara nulya prapti, tur salam sarwi karuna wus lilih tyasnya Nĕrpati	Sinuhun segera mengutus (abdi dalem) punakawan yang ditunjuk untuk memanggil Kyai Maja. Beberapa waktu kemudian beliau hadir menghaturkan salam dengan kesedihan menjadi trenyuh hati Paduka Raja,
4.	Niskaranya tan cinatur, Panĕmbahan mapan nuli, kinen kondur mapan samya, nulya lawan Pangran Behi, tan kantun Kiyahi Maja, marang toya kendĕl iki,	Tidak diceritakan semuanya. Panembahan segera diminta kembali segera bersama Pangeran Bei juga tidak ketinggalan Kyai Maja ke Banyu Meneng ini.
5.	Katiga lengser sing ngayun, kang sampun datan winarni, rahka(?)den Sasradilaga, nuhun pamit mring Nrĕpati, mĕdal mring mancanagara[2],	Ketiganya undur diri dari hadapan lalu tidak diceritakan lagi. Raden Sasradilaga berpamitan pada Paduka Raja akan menuju mancanegara

[1] Dalam naskah *ponakawan*
[2] Dalam naskah *moncanagara*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapa(h.337)n sampun den lilani,	dan sudah direstui.
6.	Kawarnaha Kangjĕng Ratu, sangsaya sangĕt grahneki, salira kraosika, tan arsa den usadani, kadya wus karsa Ywang Sukma, Panĕmbahan sring muhuni,	Keadaannya Kanjeng Ratu semakin parah sakitnya tubuh rasanya tidak dapat disembuhkan seperti menunggu kehendak Hyang Sukma. Panembahan sering menangis
7.	Saking sangĕt marasipun, Panĕmbahan mring Nrĕpati, sampun kraos sing nala, Kangjĕng Sultan yen upami, tinilar dhatĕng kang garwa, kadya bibrah ing tyasneki,	Sebab sangat (merasa) khawatir. Panembahan (berkata) pada Paduka Raja "Sudah terasa dalam hati Kanjeng Sultan apabila ditinggalkan istrinya bagaikan luruh hatinya,"
8.	Dadya sring ngandika iku, paran ratu polah mami, yen kĕlakon sira tinggal, sapa kang sun ĕmong iki, lawan Sultan wus sun duga, lamun kuwur tyasireki,	Menjadi sering berkata seperti itu "Bagaimana Ratu keadaanku jika sungguh-sungguh kau tinggal. Siapa yang akan aku pedulikan, juga Sultan sudah aku duga kalau gelisah hatinya"
9.	Kangjĕng Ratu tyasira rum, pan kados pundi kiyahi, kĕlangkung bĕgja sampeyan, kalawan Sri Narapati, mapan kawula punika, inggih dumi anglampahi,	Kanjeng Ratu hatinya bahagia, "Bagaimana kyai anda sangatlah beruntung juga Paduka raja. Saya ini iya sampai menjalani
10.	Ing donya ngakheratipun, tan gadhah tingal kĕka(h. 338[3])lih, pan nanging putra sampeyan, ingkang kawula ngengeri, Panĕmbahan angandika,	di dunia dan akhirat tidak memiliki pengetahuan namun putra anda yang saya ikuti" Panembahan berkata

[3] Tertulis 308

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Adhuh nyawa anak mami,	"Aduh anakku
11.	Marmane kuwatir ingsun, tan beda tyasira yĕkti, kalawan Sri Naranata, tan payun mulat liyani, mĕngkana wus tan winarna, kawarnaha Sri Bupati,	Oleh sebab itu saya khawatir sungguh hatinya tidak berbeda dengan Paduka Raja tidak ingin melihat lainnya" begitulah tidak diceritakan lagi. Menceritakan Paduka Raja
12.	Nimbali Ki Maja iku, kalawan Pangeran Behi, kinen mirsa baris samya, ingkang neng sawetan Pragi, kinen ngubĕngi sadaya, mĕnawa dalu ya sami,	memanggil Ki Maja dengan Pangeran Bei, disuruh menyaksikan pasukan di sebelah timur sungai. Semuanya diperintah untuk berkeliling begitu juga pada malam hari.
13.	Sabab laknat lami sampun, mapan tan wontĕn mĕdali, marma samya kinen mirsa, wantunnya prajurit jawi, lamun lami datan yuda, kathah samya mantuk iki,	Sebab laknat sudah lama bersembunyi tidak ada yang keluar, maka (prajurit) disuruh untuk mengintai keberanian prajurit di luar walau lama tidak berperang dan banyak yang pulang.
14.	Ingkang Basah kalih iku, Bulkiya lawan pinilih, myang sagung kang pradiptya, sandika kalih turneki, lengser sing (h. 339[4]) ngarsa Nalendra, kalih dalu winĕtawis,	Oleh dua Basah itu Bulkiya dengan Pinilih juga semua pemberi terang tunduk oleh perkataannya, pergi dari hadapan Paduka Raja kira-kira (selama) dua malam
15.	Mapan datan nyasahiku, laknat murtad yen medali, saking Ngayogya sadaya, lawan kakerigan iki,	tidak menyangka laknat dan murtad jika keluar dari Yogya semua dengan berduyun-duyun

[4] Tertulis 329

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dadya langkung agĕngira, Basah myang kang pra dipati	menjadi lebih banyak (jumlahnya). Basah bersama para adipati
16.	Parĕnca barisanipun, Ki Maja lan Pangran Behi, utusan atur uninga, dhumatĕng Sri Narapati, lamun mĕngsah badhe prapta, dereng wontĕn kang nadhahi,	lebur barisannya. Ki Maja dan Pangeran Bei mengutus utusan untuk memberitahu Paduka Raja bahwa musuh akan tiba dan belum ada yang menyambut (musuh).
17.	Basah lan prajurit sagung, mĕkasih urugennya baris, mĕngsah mĕdal ngiring ngarsa, pĕlawonan sampun prapti, Sang Nata kondur tumulya, dhateng toya kendĕl iki,	Basah dan semua prajurit masih belum berkumpul. Musuh datang dari arah depan Sudah sampai di Pelawonan. Paduka Raja segera kembali menuju Banyu Meneng
18.	Dhawahi rĕrepot sagung, kinen samya minggah ngarsi, Kangjĕng Ratu kang winarna, lagya dhangan grĕrahneki, panitih tandhu kewala, Panĕmbahan kang ngampingi,	memerintahkan semua prajurit disuruh naik ke atas. Diceritakan Kanjeng Ratu sakitnya sudah membaik hanya menaiki tandu dan Panembahan yang mendampingi.
19.	Kangjĕng Sultan mapan kantun, a(h.340)neng toya kendĕl iki, nanging kalih punakawan, gamĕl priyataka ngampil, songsong Kyahi Maja prapta, kalawan Pangeran Behi,	Kanjeng Sultan tinggal di Banyu Meneng ini namun (bersama) dua punakawan gamel priyataka dan pembawa payung. Kyai Maja datang bersama Pangeran Bei.
20.	Sang Nata ngaturan iku, lengser kang sawetan Pragi, sabab mĕngsah langsung gĕnnya, dereng wontĕn kang dhawahi, nanging anak mas pribadya,	Paduka Raja disarankan undur diri ke sebelah timur Praga sebab berdekatan dengan lokasi musuh, dan belum ada yang menghadang, hanya anakmas sendiri

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan putu Somanagari	dan cucu Somanagara
21.	Ingkang ngawali puniku, mring mĕngsah samargi-margi, ing wau tingal kawula, Basah kalih anututi, ing katingal mĕkasih tĕbah, laknat murtad datan olih	yang mengawali itu terhadap musuh di sepanjang jalan, yang tadi saya lihat dua Basah mengikuti yang terlihat masih jauh laknat murtad tidak berhasil.
22.	Sinĕnjatanan puniku, mring anak mas Ngabdullah Kim, lan putu Somanagara, nging mangnas(?) lawan lumaris, kados botĕn dangu prapta, wau meh nyabrang pĕragi,	(Mereka) diserang oleh anak mas Abdullah Rahim dan cucu Somanagara. Hanya membalas dengan berlalu seperti tidak akan lama sampai akan menyebrangi Sungai Progo
23.	Sang Nata dhahar turipun, ingkang paman Pangran Behi, saking toya kendĕl budhal, miyos jatingarang iki, la(h.341)knatolah sampun nyabrang, mĕdal pĕkĕn pancak suji,	Paduka Raja menuruti perkataan Sang paman Pangeran Bei. Berangkat dari Banyu Meneng melewati Jatingarang. Laknatullah sudah menyeberangi Lewat pasar Pancaksuji
24.	Pan dadya samya kadalu, kalir cuwaking tyasneki, yun nukup tan angsal karya, diduga lamun wus sĕpi, ing toya kendil punika, malah gung kuwatirneki	Jadilah semua kemalaman semua kecewa hatinya ingin mengepung tidak mendapat hasil diduga sudah sepi di Banyu Meneng ini malahan besar rasa khawatirnya
25.	Ingwang kang didamĕl agung, ingkang samya anututi, didugi Basah kalihnya, mĕngkana ingkang winarni, Pangeran Dipanagara, wus lami aneng Mĕntawis,	Nanti akan menjadi sesuatu yang besar. Yang pada membuntuti diduga oleh kedua Basah, begitulah yang diceritakan. Pangeran Dipanegara sudah lama berada di Mataram

No.	Alih Aksara	Terjemahan
26.	Mapan ing Salam enipun, sedanira ingkang rayi, dereng kondurika, marang ing pagĕlan malih neng urip pĕsanggrahannya, mĕngkana mapan marĕngi,	bertempat tinggal di sana selamanya. (Ketika) meninggalnya sang adik dia belum kembali ke Pagelan lagi dan hidup di pesanggrahannya. Begitulah pada saat yang sama,
27.	Basah Ngabdul latip iku, sohan mapan lawan ngirid, Basah lepen bĕbĕrika, Iman Dulah namaneki, lawan saprajutira, sarĕng amiarsa warti,	Basah Abdul Latif berkunjung dan mengantarkan Basah lepen mengenalkan Iman Dulah namanya dengan pasukannya bersama-sama mendengarkan kabar
28.	Ing toya kendil puniku, kainggah(h.342)an laknat kapir, Kangjĕng Pangran mapan nulya, sĕdya tĕtulung ing jurit, lawan Basah kalihira, praptanya kĕsaput wĕngi,	(bahwa) di Banyu Meneng itu diduduki oleh laknat kafir. Kanjeng Pangeran lalu bersedia membantu dalam peperangan bersama kedua Basah. Kedatangannya tersaput malam,
29.	Lajĕng mĕsanggrahan iku, aneng lepen pantes iki, panas mapud ajĕng ajĕngan, laknat murtad mapan sami, ning lepen kendil sadaya, mĕngkana Sri Narapati,	lalu membuat perkemahan di (sebelah) Sungai Pantes(?) sudah saling berhadap-hadapan laknat murtad juga di Sungai Kendil semua. Begitulah Paduka Raja
30.	Mapan mĕsanggrahan iku, aneng dhusun ing sĕjati, Basah kalih sampun prapta, lajĕng aneng gamplong sami, lawan saprajuritira, pas samya ngĕntosi enjing,	tinggal di pesanggrahan di Dusun Sejati. Kedua Basah sudah datang lalu menuju ke Gamplong bersama prajuritnya bersama-sama menunggu pagi.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
31.	Mapan ingkang ngodhol iku, nenggih Pangran Ngabdul Rakim, lan Pangan Sumanagara, mondhok lepen galang sami, laknat murtad lawan samya, sĕdalu tan sagĕd guling,	Berhenti yang membuntuti itu ya Pangeran Abdul Rahim dan Pangeran Kusumanagara, yang tinggal di sebelah Sungai Galang laknat murtad melakukan hal yang sama. Semalaman tidak bisa tidur
32.	Saking sangĕt watosipun, sĕbarang dipunbĕdhili, sarĕng enjing budha(h.343)l nulya, saking toya kendĕl iki, sĕdya lajĕng mantukika, laknat murtad lawan sami,	(sebab) amat sangat khawatir (hingga) apa saja ditembaki. Pada waktu pagi segera berangkat bersama dari Banyu Meneng ini. Akan segera kembali laknat bersama murtad,
33.	Dhumatĕng Ngayogya iku, pan lajĕng pinĕthuk jurit, mring Pangran Dipanagara, lawan Pangran Dul Rahkim, Pangeran Sumanagara, lawan Basah Ngabdul Latip,	Sampai di Yogya lalu dihadang dalam peperangan oleh Pangeran Dipanagara dengan Pangeran Dul Rahim Pangeran Kusumanagara juga Basah Abdul Latif
34.	Basah Iman musbah iku, laknat ngraos tan kuwawi, pan nanging tanglĕd sakĕdhap, laknat lajĕng lampahneki, kinodhel lan binĕdhilan, prapta sakileni pragi,	serta Basah Iman Musbah. Laknat merasa kewalahan tetapi bertempur sebentar lalu laknat melarikan diri dikejar dan ditembaki sampai sebelah barat sungai Praga.
35.	Sarĕng ajĕng nyabrang iku, prĕ ragadipun cĕgati, dhatĕng Gusti Iman Basah, lan Ngusman Li Basah iki, nanging laknat mĕksih nyabrang, dipundrel kathah modar,	Sementara (mereka) akan menyebrang mereka dihadang oleh Gusti Iman Basah dan Usman Ali Basah, tetapi laknat masih (nekat) menyebrang lalu diberondong dan banyak yang tewas.
36.	Sampun keli bangkenipun,	Terhanyut sudah jasadnya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sing wingking binrěrěg iki, mring Pangran Dipanagara, lawan Pangran Dul Rahkim, nanging dereng ontung(?)ira, laknat datan tělas iki,	dan yang di belakang dikepung oleh Pangeran Dipanagara bersama Pangeran Dul Rahim, tetapi belum beruntung mereka (sebab) laknat tidak (semuanya) tewas.
37.	Mapan měksih nyabrang iku, (h.344) wus prapta sawetan pragi, gěgancangan lampahira, datan olih kanca[5]neki, undurira mring Ngayogya, Islam saya kathah prapti	Yang masih menyeberangi telah sampai di sebelah timur Sungai Praga, terburu-buru langkahnya tidak menoleh pada temannya (selama) perjalanan ke Yogya, Islam semakin banyak yang datang.
38.	Dadya langkung girisipun, undurira laknat kapir, pan kěkecer bangkenira, měngkana wus tan winarna, islam kang prapta sabilnya, mapan gangsal rangga[6] kalih,	Menjadi sangat menakutkan mundurnya (para) laknat kafir berjatuhan mayatnya demikian sudah tidak diceritakan. Orang Islam (yang) menjadi martir ada lima serta dua Rangga.
39.	Patrawijaya padhas iku[7], lan tiga sědherekneki, rangga lepen benerika, mapan sědherek kereki, něnggih Basah Iman Měsbah, měngkana wus tan winarna,	Patrawijaya, Padhas, dan tiga saudaranya rangga dari sungai bener saudaranya ini yaitu Basah Iman Misbah lalu tidak diceritakan.
40.	Kawarnaha Sang Sinuhun, mapan datan arsa iki, wangsul měsanggrahan iki, dhatěng toya kendil malih, Pangran Ngabehi turnya, kějawi ing sambiradin	Diceritakan tentang Sinuhun tidak berkenan kembali ke perkemahan Banyu Meneng lagi, Pangeran Ngabei berkata “Kecuali di Sambirata.”

[5] Dalam naskah *konca*

[6] Dalam naskah *rongga*, selanjutnya akan ditulis *rangga*

[7] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
41.	Sang Nata marĕngi sampun, pan lajĕng kinon dandosi, mring Tumĕnggung Tamadigda, tan pantara nulya dadi, Sri Narĕndra sampun pindah, mĕsanggrah(h.345)an sambiradin,	Paduka Raja telah mengizinkan lalu disuruh untuk memperbaiki oleh Tumenggung Tamadigda. Tidak berselang lama sudah jadi, Paduka raja lalu pindah ke pesanggrahan Sambirata.
42.	Aneng datan nunggil iku, lawan repot agĕng sami, sabab datan cĕkap ika, Kangjĕng Ratu den aturi, Mĕsanggrahan kawisajar, mapan nanging datan tĕbih,	Tidak ingin menyatu dengan prajurit besar ini sebab tidak cukup. Kanjeng Ratu dipersilakan untuk tinggal di Kawisjajar namun tidak jauh
43.	Lan sambirata puniku, pan samya katingal neki, nanging lĕt lepen kewala, Pangeran Dipanagari, pan lajĕng kinen kondura, maran ing pagĕlan malih,	dengan Sambirata itu. Dapat terlihat hanya terpisah sungai saja. Pangeran Dipanegara segera disuruh pulang kembali ke Pagelan lagi
44.	Kalawan Basah puniku, Ngabdul Latip datan keri, Basah Iman Musbah ika, mĕngkana wus tan winarni, Kangjĕng Ratu kang winarna, grĕrahira kambuh malih.	Bersama Basah itu Abdul Latif tidak ketinggalan Basah Iman Musbah Demikian tidak diceritakan. Kanjeng Ratu yang diceritakan sakitnya kambuh lagi
45.	Kadya cobaning Hyang Agung, tumpa tumpa mring Nrĕpati, pagĕlan kancikan laknat, mapan karya beteng iki, aneng ing waja punika, Basah ing pagĕlan sami,	Seperti cobaan dari Hyang Agung bertubi-tubi kepada Paduka Raja, Pagelan dikuasai laknat Kemudian membuat benteng di Waja ini, Basah berada di Pagelan.
46.	Katiga pan sami mundur,	Ketiga sudah pada mundur

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nadhahi datan kuwawi, lan Pangran Dipanagara, mring sawetan bogawanta, (h.346) wus katur marang Nalěndra, nulya tědhak Sri Bupati,	tidak mampu untuk menyerang dan Pangeran Dipanegara berada di sebelah timur Bagawanta sudah menyampaikan pada Paduka Raja, lalu Paduka Raja turun
47.	Lawan sawadya kusweku, Basah kalih datan kari, mapan lajěng měsanggrahan, aneng kulur Sri Bupati, wadya neng temon sadaya, neng palipir pagělan sami,	bersama pasukan yang lengkap. Dua Basah tidak ketinggalan lalu beristirahat di Kulur Sang Paduka, pasukan berada di Temon semua di tepian Pagelan.
48.	Sadina-dina prang pupuh, tan wontěn kuciwa sami, laknat kapir kathah pějah, wong islam milujěng sami, saběn dina bantu prapta, saking Kedu laknat kapi,	Setiap hari perang habis-habisan, semuanya sama-sama kuat. Laknat dan kafir banyak yang tewas orang islam selamat semua, setiap hari datang bantuan dari Kedu untuk laknat kafir.
49.	Paněmbahan mapan lapur, lamun tampi surat iki, Sang Kurnel Nahus punika, Ki Maja parentah neki, dhatěng Kangjěng Paněmbahan, kengkenan dipun aturi,	Panembahan melapor jika menerima surat dari Kolonel Nahuys. Ki Maja perintahnya pada Kanjeng Panembahan, diperintahkan
50.	Lajěng mějahi puniku, mapan nulya den pějahi, Paněmbahan saking jrihnya, punika mapan ing nguni, Punakawannya pribadya, lawan kinasiyan dhingin,	untuk membunuhnya. Segera dibunuh Panembahan saking takutnya bersembunyi di balik pembantu pribadinya yang dahulu dikasihani.
51.	Měngkana malih lapur, saking mantri sěpuh iki,	Demikian ada laporan lagi dari mantri sepuh

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	(h.347) wis ta mas prabalěksana, mapan kampiran puniki, Jendral Děkok utusannya, lawan běkta surat neki,	Mas Prabaleksana, bahwa dikunjungi utusan Jenderal De Kock dengan membawa surat.
52.	Nanging kapenakanipun, mapan Ki Maja pribadi, iman karedamanira, měngkana parentah neki, kěnes mangsulna kewala, datan sukar den pějahi,	Namun kemenakannya Ki Maja sendiri, bernama Iman Kěre perintahnya adalah disuruh mengembalikan saja, bila tidak suka bunuhlah.
53.	Sabab dede kukumipun, měngkana Pangeran Behi, mapan lajěng paběnika, punika kukum punapi, dene nganggo beda beda Ki Maja nulya sauri	Sebab bukan hukumnya Demikian Pangeran Bei lalu marah “Ini hukum apa? Kenapa penggunaannya beda-beda? Segera Ki Maja menjawab,
54.	Sabab agami puniku, datan kenging den pějahi, Pangran Ngabehi ngandika sěnadyan kang mati dhingin, mapan padha bangsa[8] islam, tan prěbeda karya neki	sebab dalam agama itu tidak dibolehkan membunuh. Pangeran Bei berkata “Walaupun dulu yang mati sama-sama bangsa Islam tidak berbeda pekerjaannya.”
55.	Dadya prědudon adangu, kělajěng sělaya neki, mapan samya purunira, rěmbag něrang mring Nrěpati, nulya sarěng sohanira, wus prapta ngarsa Sang Aji,	Telah lama terjadi perselisihan lalu yang berselisih ini bersepakat meminta petunjuk dari Paduka Raja lalu bersama-sama menghadap. Telah sampai di hadapan Paduka Raja
56.	(h.**348**) Kalihnya samya umatur, Sang Nata mesěm něbda ris,	keduanya sama-sama menceritakan, (lalu) Paduka Raja tersenyum dan berkata pelan

[8] Dalam naskah *bongsa*, selanjutnya ditulis bangsa

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan kula datan wikan, ing dalil ingkang sayekti, nging yen adat kewala, wĕrtine kang dhingin dhingin	“Saya tidak mengetahui dalil yang sebenarnya, tetapi jika adat saja sudah tahu sejak dahulu kala”
57.	Tan wontĕn kengkenan lampus, Ki Maja suka tyas neki, rumaos yen ingilonan, dhumatĕng Sri Narapati, lajĕng kinen mundur samya, mĕngkana Pangeran Behi	Tidak ada utusan yang tewas Ki Maja hatinya senang merasa bahwa sama dengan Paduka Raja lalu disuruh mundur semua. Demikian Pangeran Bei
58.	Prapta pasanggrahanipun, mapan lajĕng animbali, lurah mantri lĕbĕt tiga, prawiranipun iki, lawan prawira dĕkasna, prawira bawa wus prapti,	sesampai di pesanggrahannya lalu mengundang tiga lurah mantri dalam perwiranya ini bersama Prawiradeksana prawira bawa sudah datang
59.	Katiga mapan panuju, samya sohan mring Nĕrpati, Pangeran Behi karsanya, den mrih kapir sayĕkti, dhumatĕng Sri Naranata, lurah tiga pan tinuding,	Ketiganya sedang menghadap pada Paduka Raja. Pangeran Bei ingin agar kafir betul-betul dibawa pada Paduka Raja. Tiga lurah ditunjuk,
60.	Kinen mĕjahi puniku, mring jendral kengkenaneki, kang wasta mankramen ika, aja gawa kanca maning, padha ijenĕn kewala, sandika tiga turneki,	disuruh membunuh suruhan Jendral itu yang bernama Man kramen dan jangan membawa teman lagi sendirian saja ketiganya menyanggupi.
61.	Mapan lajĕng mangkat iku, Sang ngarsa Pangeran Behi, wus prapta datan winarna,	Lalu berangkatlah mereka. Pangeran Bei berada di depan tidak diceritakan ketika sudah datang

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	man kramen wus den pateni, lawan kalih rowangira, inguja sami satunggil,	iman kramen sudah dibunuh bersama dengan dua temannya yang seorang dibiarkan saja.
62.	Mĕngkana Ki Maja ngrungu, lamun iman kramen mati, langkung sakit manahira, dhumatĕng Pangran Behi, nuwun adil mring Nalendra, mapan datan angsal iki,	Demikian, Ki Maja mendengar jika Iman Kramen tewas sangat sakit hati kepada Pangeran Bei, memohon keadilan pada Paduka Raja namun tidak mendapatkan.
63.	Sabab iku kang tinurut, parentahira pribadi, kang wuri sira dhawuha, iya aja na mateni, sarupane mring kongkonan, mĕngkana wus tan winarni,	Sebab yang diikuti perintahnya sendiri, yakni perintahnya yang dulu agar jangan ada yang membunuh segenap duta. Demikian tidak diceritakan lagi.
64.	Kangjĕng Sultan ing tyasipun, mapan langkung mring kang rayi, mĕngkana nimbali nulya, mring Ki Maja Pangran Behi, kinen samya kantun ika, lawan kang den ngati-ati,	Kanjeng Sultan dalam hatinya hanya tertuju pada adiknya Demikian lalu memanggil Ki Maja dan Pangeran Bei, disuruh untuk tinggal juga berhati-hati.
65.	Sri Nalendra ayun ko(h.**350**)ndur, sakĕdhap mapan atuwi, Kangjĕng Ratu grĕrahira, mapan sangsaya ngĕladi, kadya wus karsaning sukma, tan supe ngibadah neki,	Paduka Raja ingin pulang sebentar untuk menengok Kanjeng Ratu yang sakitnya semakin menjadi-jadi. Seperti sudah kehendaknya Sukma, tidak lupa beribadah
66.	Dhahar ngunjuk wus tan ayun, Panĕmbahan sring muhuni, lawan ingkang ngibu ika, Kangjĕng Ratu Agĕng iki,	makan dan minum sudah tidak mau. Panembahan sering menangisi bersama Sang Ibu Kanjeng Ratu Ageng.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	marma Kangjěng Sri Nalendra, langkung keros ing tyasneki	Maka dari itu Paduka Raja sangat terasa di dalam hatinya.
67.	Riwus měling kang Sinuhun, mapan lajěng kondur iki, datan běkta abdi ika, nging lawan Basah satunggil, Kangjěng Gusti Basah Iman, sabab punika kang rayi,	Setelah memberi pesan, Sinuhun lalu kembali tanpa mengajak abdinya, hanya bersama satu Basah, Kanjeng Gusti Basah Iman sebab itu adalah adiknya.
68.	Kalawan ngampil puniku, tan pantara sampun prapti, mapan sanděran kewala, lampahnya Sri Narapati, angagěm ki Jayacapa, Kangjěng ratu anungkěmi,	Juga bersama ampilan. Tidak beberapa lama sudah sampai lalu hanya bersender saja. Perjalanannya Paduka Raja menggunakan Ki Jayacapa, Kanjeng Ratu memberi sembah
69.	Mring pada ingkang sinuhun, kuměmběng wěspanireki, tan prěbeda lan nalendra, riwus tatang nanggah sami, Gusti Basah kang ngandi(**h.349**)kan lan jěng Paněmbahan prapti,	kepada Sinuhun, menggenang airmatanya. Tidak berbeda dengan Sang Paduka. Setelah semua duduk, Gusti Basah yang berbicara dan Kanjeng Panembahan datang
70.	Lajěng ngusweng pada iku, Jěng Gusti tiwas panya mijil, Kangjěng Ratu pan měngkana, anglir wěkasan pěpanggih, Kangjěng Ratu Agěng nulya, lawan Paněmbahan iki,	lalu menghormat dengan mencium kakinya Kanjeng Gusti keluar air matanya. Demikian Kanjeng Ratu seperti akan bertemu terakhir kali Kanjeng Ratu Ageng dengan Panembahan.
71.	Mapan samya tumut muhun, dadya sagung para putri, ing ngadhěp muhun sadaya, měngkana Sri Narapati, mapan sangsaya tyasira, riwus mapan kinen sami,	Semuanya ikut menangis, para putri semua dalam penghadapan menangis semua. Demikian Paduka Raja, semakin kacau hatinya. Setelah itu disuruh

No.	Alih Aksara	Terjemahan
72.	Kondur sowing-sowang iku, atěnapi Basah Kamil, sampun mundur saking ngarsa, měngkana Sri Narapati, Kangjěng Ratu mapan nulya, pinangku mring Sri Bupati,	pulang sendiri-sendiri. Basah Kamil pun sudah undur diri dari penghadapan. Demikian Paduka Raja, Kanjeng Ratu lalu dipangku oleh Paduka Raja
73.	Lawan angandika arum, dhuh Bandara ikang ngabdi, sapunika pan sumangga[9], yen arsa kondur rumiyin, dhatěng alam kělanggěngan, ing benjing tan wande panggih,	Sambil berkata halus, “Duh Bendara, hamba sekarang mempersilakan, jika ingin mendahului pulang menuju alam keabadian. Kelak, (kita) pasti akan bertemu.
74.	Mas mirah lan abdinipun, yen parěng rabil ngalamin, panggiha aneng dělahan, (**h.353**) kalawan pun kakang Gusti, pan ing mangke sampun lila, lamun tinilar rumiyin,	Pujaan hamba, jika diperkenankan oleh Tuhan, bertemulah di alam keabadian dengan kakanda, Gusti. Sekarang sudah rela jika lebih dulu ditinggal.
75.	Tan sagěd pun kakang dulu, risaki salira Gusti, Kangjěng Ratu ris turira, sarwa mesěm yen marěngi, sagung kalěpatan samya, ingkang lahir myang kang batin,	Kakanda tidak sanggup melihat tubuh Gusti yang tidak sehat.” Kanjeng Ratu pelan ucapannya, sambil tersenyum, “Jika dibolehkan semua kesalahan yang lahir juga batin,
76.	Nuwun hapuntěn satuhu, kawula mring Paduka Ji, bilih kasupen kawula, sabab lami angladosi, tanapi ingkang samar-samar, den agung apuntěn aji,	sungguh mohon maaf saya pada Paduka. Bila saya ada yang terlupa sebab lama melayani, juga yang (kesalahan) tersamar mohon maaf sebesar-besarnya, Paduka.”

[9] Dalam naskah *sumongga*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
77.	Sri Nalendra ngandika arum[10], nah angger ywa walang ati, muga Allah narimaha, sěbarang ingkang kawijil, sanadyan inggih pun kakang, mugi den agěng mas gusti,	Paduka Raja berkata lembut, “Nah anakku jangan khawatir. Semoga Allah menerima semua yang keluar terucap, begitupun kakandamu ini, semoga juga dimaafkan.
78.	Ngapuntěn mring lěpatipun, sabab asring datan yěkti, Kangjěng Ratu aturira, kawula nuhun Yang Widi, ing donya prapteng dělahan, mugi tulus saha ngabdi	Memohon maaf atas kesalahan sebab sering tidak terbukti”. Ucap Kanjeng Ratu, “Aku memohon pada Hyang Widi di dunia sampai di akhirat semoga tulus juga mengabdi
79.	Dhumatěng Kangjěng Sang Prabu, sanadyan wontěn yamani, kawula angladosira, dadya kuměměng waspa Ji, měngkana wus tan winarna, ing dalu Sri Narapati,	kepada Paduka Raja. Walaupun berada di neraka aku (tetap) melayaninya.” Tergenang air mata Paduka Raja. Begitulah sudah tidak diceritakan, waktu malam Paduka Raja.
80.	Enjing Kangjěng Sultan wangsul, tědhak dhatěng kulur malih, datan kantun Basah Iman, Kangjěng Ratu kang winarni, Sapungkurira kang raka, sampun karsaning Ywang Widi,	Pagi hari Kanjeng Sultan kembali turun menuju ke Kulur lagi tidak ketinggalan Basah Iman. Diceritakan Kanjeng Ratu Sepeninggal sang suami, sudah kehendak Hyang Widi,
81.	Saya sangět grěrahipun, Paněmbahan yun tur uning, Kangjěng Ratu datan suka, měnawa ngeron-eroni, marang karsane kang raka, ěmbannya jalěr sawiji,	sakitnya semakin parah. Panembahan hendak memberitahukan namun Kanjeng Ratu tidak berkenan apabila akan menghambat keinginan kakanda. Salah satu pengasuhnya yang laki-laki

[10] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
82.	Kyahi Soba namanipun, sarěng mirsa warteneki, saya sangět grěrahira, Kangjěng Ratu soba nuli, něnuhun marang Ywang Sukma, mapan nuhun mathi dhingin	Kyai Soba namanya, setelah mendengar kabar (bahwa) semakin parah sakitnya Kanjeng Ratu. Soba lalu memohon pada Hyang Sukma mohon agar mendahului mati.
83.	Tinariman Soban iku, ing dalu lajěng ngěmasi, datan ana jalma wikan, aneng sěmbayanganeki, den nyana nendra kewala, Kangjěng Ratu kang winarni,	Diterima (permohonan) Soban itu, pada waktu malam kematiannya tiada orang yang tahu meninggal dalam sembahyang, dikira hanya ketiduran saja. Diceritakan tentang Kanjeng Ratu
84.	Nimbali kalih kang maru, mapan sampu(**h.354)**n prapta ngarsa, Den Ayu Rětna kusuma, lawan Raden Ayu iki, Rětna Ningrum angandika, Jěng Ratu Kědhaton aris,	mengundang dua madunya, sudah hadir di hadapannya Raden Ayu Retnakusuma bersama Raden Ayu Retnaningrum. Berkata Kanjeng Ratu Kedhaton dengan lembut
85.	Bok Ayu kalihanipun, Den Ajěng apuntěn sami, sěbarang lampah kawula, měnawa kasupen iki, lawan malih poma poma, sami dipun sagěd kari	“Mbok Ayu juga Raden Ajeng, maafkan semua kelakuanku. Apabila ada yang terlupa dan sungguh-sungguh pesanku hendaknya kelak mampu
86.	Angladosi mring Sinuhun, lawan malih kula titip, sampun karya susah driya, dhumatěng Sri Narapati, Bok Ayu kula něnědha, mugi dipunwělas sami,	dalam melayani Sinuhun, selain itu aku titip juga, jangan membuat susah hati Paduka Raja. Mbok Ayu aku minta semoga (Raja) dikasihani”.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
87.	Kalihan tan sagĕd matur, karuna lawan nyungkĕmi, mring Kangjĕng Ratu punika, mĕngkana kapir sanuli, ingkang ibu nulya tĕdhak, Kangjĕng Ratu Agĕng iki,	Keduanya tidak dapat berkata-kata menangis kemudian sungkem pada Kanjeng Ratu. Begitulah kemudian terlihat Sang Ibu mendekat. Kanjeng Ratu Ageng
88.	Kagyat mirsan waranipun, muhun ingkang mantu kalih, Kangjĕng Ratu Agĕng prapti, lajĕng nyundhang mring kang siwi, pan lajĕng tumut karuna, nulya ingkang lesan mi(**h.355**)jil,	kaget mendengar suara tangisan dari kedua menantunya. Kanjeng Ratu Ageng datang lalu membersamai anak menantunya dan turut menangis. Segera keluar perkataannya,
89.	Nanging mĕksih alit iku, samya lĕga tyas ireki, dadya na lajĕng waluya, sabab Kangjĕng Ratu iki, mapan lajĕng sagĕd lĕnggah, pribadi tan den ampingi,	tetapi kecil sekali (suaranya). semua lega hatinya lalu menjadikannya pulih sebab Kanjeng Ratu segera dapat duduk sendiri tanpa dijagai.
90.	Lawan angandika arum, utusan kinen ngaturi, dhatĕng Kangjĕng Panĕmbahan, tan pantara nulya prapti, pukul sanga[11] wancinira, Den Ayu sĕpuh angiringi,	Serta berbicara pelan “Suruhlah utusan memberi kabar pada Kanjeng Panembahan”. Tidak lama lalu datang jam sembilan waktunya Raden Ayu Sepuh mendampingi
91.	Lajĕng mundhut dahar iku, kang ibu dipunaturi, dhahar kalawan kang rama, sami sarĕng karsaneki, drĕrapon aca punika, dene ingkang maru kalih,	Lalu mengambil makan. Sang Ibu dipersilakan makan bersama Ayahanda (sebab) ingin bersama-sama supaya (terasa) enak. Sementara kedua madunya

[11] Dalam naskah *songa*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
92.	Kinen dhahar sarĕng iku, tunggil lawan kang bibi, Den Ayu sĕpuh punika, sĕdaya mapan nututi, ri sampunnya angandika, Jĕng Ratu Kĕdhaton aris,	disuruh makan bersama, bersama dengan sang ibu, yakni Raden Ayu Sepuh, semuanya menurut. Setelah selesai, berkata Kanjeng Ratu Kedhaton dengan lembut,
93.	Wau dhumatĕng kang ibu, Kangjĕng Ratu Agĕng iki, Anuhun kang pangapura, Lamun wontĕn lep(**h.356**)atneki, Tĕnapi dhatĕng kang rama, Den Agung ngapuntĕn sami,	kepada sang Ibu, “Kanjeng Ratu Ageng (hamba) memohon maaf jika ada kesalahan, juga pada Ayahanda (hamba) memohon maaf sebesar-besarnya.”
94.	Jĕng Ratu Agĕng nĕbda rum, ingkang ora-ora nini, mapan ingsun ora ngrasa, yen sira alat mring mami, mĕnawi kalilan ingwang, sun apura kabeh iki,	Kanjeng Ratu Ageng berkata lembut, “Jangan (berucap) yang tidak-tidak aku tidak merasa kalau kamu kualat padaku, jika aku diizinkan, aku maafkan semuanya.
95.	Sĕbarang alat iku, narimaha ya Illahi, Panĕmbahan pan mĕngkana, riwus nulya den aturi, Panĕmbahan kondurika, Jĕng Ratu ingkang mĕkasi,	Segala kualat itu pasrahlah pada Illahi.” Begitu pun Panembahan, setelah itu dipersilakan Panembahan pulang. Kanjeng Ratu yang mengatakan
96.	Nĕnggani lawan kang maru, Jĕng Ratu ngandika malih, Ibu kawula yun nendra, nuhun sampeyan nĕnggani, mapan sĕdalu punika, kalawan Bak Ayu kalih,	menunggu bersama madunya. Kanjeng Ratu kembali berkata, “Ibu, aku ingin tidur mohon ibu menunggu selama malam ini bersama dua Mbok Ayu”
97.	Tulus sadados sadulur,	“Tuluslah menjadi saudara

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing donya prapteng ing ngakir, Kangjĕng Ratu gya sarehan, kalawan kang ibu iki, singĕb sinjang cindhe iki, jĕlamprang dhasarnya wilis,	di dunia sampai di akhirat.” Kanjeng Ratu segera tiduran bersama sang ibu berselimut jarik dan cindhe (bermotif) Jelamprang (warna) dasar hijau
98.	Mapan lajĕng sare iku, sĕ(**h.357**)keca yen den tingali, Kangjĕng Ratu Agĕng nulya, kang putra tinilar ririh, lingsir dalu wayah kira, mĕnawa ngaget ageti,	Lalu tidur terlihat nyenyak. Kanjeng Ratu Ageng lalu perlahan meninggalkan anaknya pada tengah malam agar tidak mengagetkan
99.	Mapan arsa salat tahjut, punika nanging tan tĕbih, lajĕng Ratu lan kang putra, sĕdaya pan samya guling, ingkang ngadhĕp punika, samya eca tyasnya sami,	Ingin shalat tahajud namun tidak jauh-jauh. Lalu ratu dan anaknya semua sedang tidur yang terlihat itu enak hatinya (nyenyak) semua
100.	Ngantos wĕktu pajar iku, Jĕng Ratu Agĕng tan guling, lawan atĕngga kang putra, sarĕng wĕktu pajar sidik, pan samya tangi sadaya, lajĕng salat subuh iki,	Sampai waktu fajar Kanjeng Ratu Ageng tidak tidur sebab menunggu sang anak. Setelah masuk waktu bangun pagi semuanya terbangun dan segera shalat subuh.
101.	Sarĕng sampun bakda subuh, Kangjĕng Ratu Agĕng nuli, kang putra binuwenan, dene kadingaren iki, sakeca denira nendra, datan mundhut toya suci,	Selesai shalat subuh, Kanjeng Ratu Ageng lalu menjenguk sang anak kok tumben nyenyak olehnya tidur, tidak (segera) mengambil air wudhu.
102.	Sampun rawuh Kangjĕng Ratu, pasarehan ingkang siwi,	Kanjeng Ratu sudah datang di peristirahatan anaknya

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Jĕng Ratu Kĕdhaton ika, kĕpanggih mujung punika, sinjang cindhe singĕbira, sinjang parang rusak iki,	Kanjeng Ratu Kedhaton. Ditemuinya dalam keadaan tidur berselimut, jarik dan cindhe selimutnya. Jariknya parang rusak
103.	(**h.358**) Sĕmĕkan sawat jĕlĕngut, latar cĕmĕng dhasar cĕwĕni kadya wus sinĕdya driya, sĕdhakĕp kang asta kalih, sinjang myang kasĕmĕkan, mapan samya den singsĕti,	kembennya sawat jelengut berlatar hitam dengan dasar kain mori. Seperti telah menyiapkan hati bersedekap kedua tangannya. Jarik serta kembennya dikencangkan semua.
104.	Kangjĕng Ratu Agĕng iku, anulya angungkabi, mring singĕbira kang putra, pan sampun kĕpanggih sĕpi, Kangjĕng Ratu tamtu ika, kondur mring rahmatolahi,	Kanjeng Ratu Ageng lalu membuka selimut anaknya, sudah bertemu dengan sepi Kanjeng Ratu tentu itu kembali ke Rahmatullah
105.	Kangjĕng Ratu Agĕng iku, ingkang putra den sungkĕmi, pan sangĕt denya karuna, dadya samya kagyat iki, lajĕng anangis sadaya, sagung ingkang ngadhĕp sami,	oleh Kanjeng Ratu Ageng anaknya disungkemi. Dirinya sangat bersedih semuanya menjadi terkejut, lalu menangis semua yang sedang menghadap.
106.	Kangjĕng Panĕmbahan iku, langkung kagyat lajĕng prapti, tumingal dhatĕng kang putra, kondur marang ngalam suci, pan lajĕng tumut karuna, mĕngkana sĕsambatneki,	Kanjeng Panembahan amat sangat terkejut lalu datang melihat sang pura (yang) kembali ke alam suci dan ikut bersedih begini keluhnya,
107.	Adhuh nyawa anakingsun, sapa ingkang sun tut wuri, pra putri prapta sadaya,	“Duh anakku, Siapa yang akan aku ikuti?” Para putri hadir semua

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	gumruh swaraning kang tangis Panĕmbahan ciptanira, kuwato(**h.359**)s dhatĕng Nĕrpati,	suaranya bergemuruh ketika menangis. Dalam batinnya Panembahan merasa cemas kepada Paduka Raja
108.	Mapan ingkang singĕb sampun, winangsulan lir nguni, Panĕmbahan gya utusan, kapal lan atur udani, dhatĕng Jĕng Sri Nalendra, mring kulur gĕntya winarni,	Selimutnya sudah Dikembalikan seperti kemarin. Panembahan segera (mengirim) utusan dengan berkuda dan memberitahukan pada Paduka Raja di Kulur, cerita berganti
109.	Sang Nata duk salat subuh, jroning salat aningali, kadya ingkang garwa prapta, nuhun pamit mring Nrĕpati, kondur dhatĕng rahmatolah, bakda salat Sri Bupati,	Paduka Raja ketika shalat shubuh dalam shalatnya seperti didatangi oleh istrinya memohon pamit pada Paduka untuk kembali ke Rahmatullah, setelah shalat Paduka Raja
110.	Mapan lajĕng pungun pungun, Kangjĕng Ratu kang kaheksi, lĕnggah neng ngempering langgar, pan sarwi pandehan iki, mapan tan arsa ngandika, kang samya sohan ningali,	terbaring lalu hanya diam. Kanjeng Ratu terlihat duduk di serambi langgar sembari bersandar diam tidak mau berbicara. Yang sedang menghadap melihat
111.	Lamun sungkawa Sang Prabu, dadya jrih tumungkul sami, enjing lindu lawan jawah, langkung drĕs bĕdug kang wanci, Kyahi Maja mapan prapta, sohan ngaturi udani,	bahwa Paduka Raja sedang bersedih menjadi takut dan menunduk. Pagi hari terjadi gempa beserta hujan sangat deras,di saat tengah siang. Kyai Maja datang menghadap memberi kabar
112.	Yen wontĕn utusanipun, Panĕmbahan atur uning, lamun jĕng rayi paduka, Jĕng Ratu Kĕdhato(**h.360**)n mangkin,	bahwa ada utusan Panembahan yang memberi tahu bahwa adik Paduka, Kanjeng Ratu Kedhaton baru saja

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kondur dhatěng rahmatollah, Ki Maja lan měrběs mili,	kembali ke Rahmatullah. Ki Maja menangis terisak-isak
113.	Saking kuwatos tyasipun, Ki Maja mring Sri Bupati, měngkana Sri Naranata, sarěng mirsa aturneki, mesěm lawan ris ngandika, timbalan paman Behi,	Sangking khawatir hati Ki Maja terhadap Paduka Raja. Paduka Raja setelah mendengar ucapannya, tersenyum dan berkata pelan “Panggilkan paman Bei
114.	Lawan Suryenglaga iku, Ngabdul Majid nulya prapti, katiga ngarsa Nalendra, pan samya tumungkul iki, kalawan angěmu waspa, wus samya miharsa wati,	bersama Suryenglaga (dan) Abdul Majid.” (mereka) segera datang, ketiganya di hadapan Paduka Raja. Semua tertunduk dengan berkaca-kaca (sebab) sudah sama-sama mengetahui kabar
115.	Lamun Kangjěng Ratu surud, samya watos mring Nrěpati, sěkawan Kyahi Maja, Sang Nata ngandika aris, wus ta aja nari nasa, pan těkdir sapa ngowahi	bahwa Kanjeng Ratu wafat. Semua iba kepada Paduka Raja, Berempat (dengan) Kyai Maja Paduka Raja berkata pelan, “Sudahlah jangan protes pada dewa (?) kalau sudah takdir siapa yang bisa mengubah.
116.	Nanging mangke karsaningsun, katělu kariha iki, nging Ngabdul Majid kewala, iku kang sun gawa mulih, kang wuri mongsa bodhoha, ing prang aja na ngowahi,	Namun keinginanku nanti (kalian) bertiga tinggallah di sini, tetapi hanya Abdul Majid yang aku ajak pulang. (Urusan) belakang aku serahkan padamu (dan) dalam perang jangan ada yang berubah.
117.	Lawan Basah Iman iku, kon nu(**h.361**)sul sawuri mami, katiga matur sandika, měngkana Sri Narapati, sampun nitih Ki Jayacapa,	dan Basah Iman ikutlah di belakangku.” Ketiganya menjawab “Sandika.” Lalu Paduka Raja telah menaiki Ki Jayacapa

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nanging ngampil ingkang ngiring,	hanya ngampil yang mengawal
118.	Lawan ingkang rayi iku, Něnggih Pangran Ngabdul Majid, sakědhap kewala prapta, ing kawis arja puniki kang tangis měksih wuruhan, lan jawah langkung,	bersama adiknya yaitu Pangeran Abdul Majid. Tidak lama sudah sampai di Kawisharja ini, tangisan masih deras begitu juga derasnya hujan.
119.	Kangjěng Paněmbahan dulu, yen rawuh kang putra nuli lumajěng angrangkul nulya, kalawan muhun puniki, Kangjěng Sultan angandika, sampeyan kenděl Kiyahi	Kanjeng Panembahan melihat para putra telah datang, berlari segara merangkul sambil menangis. Kanjeng Sultan berkata “Engkau berhentilah (menangis) kyai,
120.	Wontěn pundi layonipun, putra sampeyan Kiyahi, Paněmbahan aturira, měksih ana pěsarehaning, tan nawani ngowah ana, Sri Nalendra nulya manjing,	ada di mana jasad anakmu kyai?” Panembahan jawabnya “Masih ada di tempat tidurnya, Tidak ada yang berani mengubahnya”. Paduka Raja lalu masuk
121.	Pěsarehan sampun rawuh, měksih mujung cindhe wilis, tan mantra[12] surudika, nulya lěnggah Sri Bupati, Kangjěng Ratu la(**h.362**)yonira, pinangku mring Sri Bupati,	memasuki tempat tidur masih dibalut cindhe wilis tidak nampak dengan jelas (jika) wafat. Paduka Raja lalu duduk. Jenazah Kanjeng Ratu dipangku oleh Paduka Raja.
122.	Mapan lir sare satuhu, ning pangkon Sri Narapati, dadya sangsaya karuna, sagung ingkang para putri, Paněmbahan pan měngkana,	Sungguh seperti sedang tidur dalam pangkuan Paduka Raja. menjadi semakin sedih (hati) semua putri. Lalu Panembahan

[12] Dalam naskah *montra*, selanjutnya akan ditulis mantra

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	langkung maras tyasnya sami,	merasa sangat khawatir dalam hatinya
123.	Sang Nata mesĕm nĕbda rum, wus padha mĕnĕnga iki, ingsun nora apa-apa, sampeyan mĕdal kiyahi, ana ta apa sira mas, kula yun salat rumiyin,	Paduka Raja berkata pelan, “Sudah tenanglah semua saya tidak kenapa-napa, (coba) Anda keluar kyai ada apa gerangan kekasih(ku) ? Saya hendak shalat dahulu,
124.	Sampun manjing wĕktu luhur, Panĕmbahan matur aris, ingsung ya durung sĕmbayang, Jĕng Ratu sineleh ririh, lajĕng Sultan nulya salat, aneng sandhing kang rayi,	sebab sudah memasuki waktu dzuhur” Panembahan berkata pelan, “Saya pun juga belum sembahyang” Kanjeng Ratu dibaringkan (dengan) hati-hati lalu Sultan segera shalat berada disamping adindanya.
125.	Sarĕng sampun bakda iku, Jĕng Ratu pinangku malih, tan mantra lamun wus seda, nging kaot tan sagĕd angling, mĕngkana Jĕng Panĕmbahan matur lamun sampun rakit,	Setelah selesai Kanjeng Ratu dipangku kembali (ia) tidak nampak sudah meninggal, tetapi hanya tidak dapat berbicara. Begitulah Kanjeng Panembahan mengatakan kalau telah siap
126.	Nulya miyos kang Sinuhun, Jĕng Ratu pi(**h.363**)nondhong iki, sampun lĕnggah kandhil ika, gĕdĕbog kisen bucali, mapan pinangku kĕwala, wau denira nyirami	Sinuhun segera keluar, Kanjeng Ratu digendong sudah diletakkan di kandhil pelepah pisang disuruh dibuang akan dipangku saja tadi olehnya menyirami.
127.	Dhumatĕng Kangjĕng Sang Prabu, Kangjĕng Ratu layoneki, tan wontĕng purun matura, sagung kang pra ibu sami, tĕnapi lawan kang eyang, lajĕng sami kinen iki,	Kepada Paduka Raja jenazah Kanjeng Ratu tidak ada yang mau mengatakan. Semua para ibu juga eyangnya lalu disuruh

No.	Alih Aksara	Terjemahan
128.	Nyirami neng pangkonipun Sri Narendra kang pra putri, mapan wontěn lěnggana, měngkana ingkang ngosoki, Kangjěng Ratu Agěng lawan, Kangjěng Ratu Anem iki,	nengguyuri di pangkuannya Paduka Raja serta para putri tidak sungkan demikian yang membersihkan Kanjeng Ratu Ageng bersama Kanjeng Ratu Anem
129.	Kalawan kang eyang iku, Raden Ayu Sěpuh iki, lan Den Ayu Juru ika, kalawan wau kang bibi, Den Ayu asapa bisa, pra putri kang nyirami,	serta sang eyang Raden Ayu Sepuh dan Raden Ayu Juru begitu pula sang Ibu bisa disebut Raden Ayu dan para putri yang menyirami
130.	Ingkang angladosi iku, anenggih wau kang bibi Raden Ayu Paněmbahan, sěpuh anem lawan malih, Den Ayu Rětna Kusuma, ka(**h.364**)lawan Den Ayu iki,	Yang melayani yaitu sang Ibu Raden Ayu Panembahan Sepuh dan Anem bersama Raden Ayu Retna Kusuma Serta Raden Ayu
131.	Rětna Ningrum mapan sampun, biněkta kondur tumuli, kinurmatan ri sawusnya, sinarekaken ugi[13], mapan sinandhing kewala, kang layon mring Sri Bupati,	Retna Ningrum. Telah dibawa pulang secepatnya dan diberi penghormatan. Setelahnya dibaringkan hanya dipandangi saja jasadnya oleh Paduka Raja.
132.	Basah Ngabdul Kamil iku, bakda ngasar prapta neki, lan Dolah Prawiradirja, Den Jayasentaneki[14], katiga anungkěmi pada[15],	Basah Abdul Kamil datang setelah waktu Ashar bersama Dulah Prawiradirja dan Raden Jayasentana. Ketiganya menghaturkan sembah

[13] Kurang satu suku kata
[14] Kurang satu suku kata
[15] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ri wus samya kinen mijil,	lalu disuruh keluar.
133.	Ingkang layon Kangjěng Ratu, sědalu mapan sinandhing, dhumatěng Sri Naranata, kang sinjang myang singěb neki, lajěnging ngagěm sadaya, tan mawi kinumbah iki,	Jasad Kanjeng Ratu semalaman didampingi oleh Paduka Raja. Jarik dan selimutnya lalu dikenakan semua tanpa dicuci
134.	Ingkang ganda měksih arum, měngkana pan sarěng enjing, Paněmbahan matur nulya, yen těběla sampun rakit, lajěng kinen nglěbětina, kang běkta sěntana sami,	Aromanya masih harum. Demikian pada waktu pagi hari Panembahan melapor bahwa keranda sudah siap. Lalu disuruh untuk memasukkan, dan yang membawa (adalah) para kerabat.
135.	Ingkang pra ngulama sagung, wus pěpak a(**h.365**)neng pěndhapi, mapan nanging Kyahi Maja, datan wontěn měksih baris, sěntana kalih punika, anenggih Pangran Ngabehi,	Para ulama semua sudah lengkap ada di pendapa, hanya Kyai Maja yang tidak nampak karena masih bersama pasukan. Ada dua kerabat yaitu Pangeran Ngabei
136.	Lan Pangran Suryenglageku, sědaya pan pěpak sami, ri wus sinalatan ika, lajěnging ngangkatken iki, kang layon dhatěng jimatan, dherek kang pra ngulami,	dan Pangeran Suryengalaga, semuanya sudah lengkap. Setelah disalatkan lalu diberangkatkan jenazah itu menuju pemakaman didampingi para ulama,
137.	Pandhita Sarif kajiku, sědaya pan pěpak sami, ikang dados pangiridnya, něnggih Pangran Ngabdul Majid, lan Pangeran Prabu ika, myang Bupati Lěbět sami,	pendeta, syarif, dan haji, semuanya lengkap. Yang menjadi pengawalnya yaitu Pangeran Abdul Majid dan Pangeran Prabu dengan Bupati Lěbět semua,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
138.	Mapan datan wontĕn kantun, Mantri Lĕbĕt kang jajari, Suryagama Suryanata Dolah tiga kang pangirid, Den Tumĕnggung pungut lawa, lawan Dolah Badarrodin,	tidak ada yang tertinggal. Mantri Lĕbĕt yang jajari Suryagama dan Suryanata. Tiga Dulah yang menjadi pengawal yakni Raden Tumenggung Pungut Lawa bersama Dulah Badarrudin
139.	Sarip sampar wadi iku, Gusti Basah kang nindhihi, Den Dolah Prawiradirja, kinen wangsul baris malih, dhumatĕng kulur punika, mapan rahmating Yyang Widi,	dan Syarif Sampar Wadi. Gusti Basah yang memimpin Raden Dulan Prawiradirja disuruh kembali dalam pasukan menuju ke Kulur bersama dengan rahmatnya Hyang Widi.
140.	Kang jawah langkung drĕsipun, kang surya (**h.366**) datan kaheksi, nanging tan wontĕn kodanan, kang jawah kadya jajari, lawan ngapit karing kanan, kang wingking lir dhĕrĕk sami, (br 190)	Hujannya semakin deras sang matahari tidak nampak namun tidak ada yang kehujanan. Hujannya seperti turut mendampingi mengapit kiri dan kanan sebelah belakang seperti para pengikut.
141.	Praga agĕng banjiripun, sinabrangan pan lĕstari, luwih elok dating sukma, wus prapta sawetan pragi, Pangĕran Suryawijaya, mapan mĕthuk aneng margi,	Sungai Praga banjir bandang namun dapat diseberangi dengan selamat lebih elok Dzat Sukma. Sudah sampai di timur sungai Praga Pangeran Suryawijaya menjemput di jalan
142.	Kalawan Raden Tumĕnggung, Jayanagara punika, angirid wadya tamtama[16], salompret tambur pan sami, lampahnya samarga marga, lan maos sĕlawat sami,	Bersama Raden Tumenggung Jayanagara. (Mereka) mengawal prajurit tamtama. Terompet dan tambur semua dibunyikan sepanjang jalan dan membaca shalawat.

[16] Dalam naskah *tamtoma*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
143.	Mapan tan mantra iku, yen dherek layon sayĕkti, anglir pĕnganten punika, duk kadya binayang kari, dadya ingkang dherek ika, kang jalma pan tanpa wilis,	Tidak selayaknya (mereka) yang mengantarkan jenazah sungguh seperti (mengantar) pengantin ketika baru saja diboyong. Mereka yang mengantarkan tidak terhitung banyaknya manusia,
144.	Saking kramate Jĕng Ratu, pinaringan mring Illahi, wanodya bĕkti mring priya, punika pratandha[17]neki, ing jimatan pan lampahan, saking kawisharja (**h.367**) iki,	sebab keramatnya Kanjeng Ratu yang diberikan (oleh) Illahi. (Kanjeng Ratu adalah) wanita berbakti pada suami. Itulah pertandanya. Perjalanannya menuju pemakaman dari Kawisharja,
145.	Mapan iku kalih dalu, wĕktu luhur rawuh neki, wontĕning masjid jimatan, sagung ingkang dherek sami, tyasira kadya supĕna, tan luwe tan sayah iki,	selama dua malam. Tiba pada waktu dzuhur di masjid pajimatan. Semua yang mengantarkan hatinya seperti mimpi tidak lapar dan tidak lelah.
146.	Bakda ngasar Kangjĕng Ratu, mlĕbĕt ing kluwat puniki, aneng dagane kang eyang, mĕngkana mapan lĕstari, kubur tan ana selanya, myang krikil mapan bata sih,	Lewat waktu ashar, Kanjeng Ratu masuk ke liang lahat sang eyang demikian sudah lestari. Liangnya tidak terdapat batu dan krikil, hanya bata.
147.	Punika pratandhanipun, yen rinilan ing Yyang Widi, datan kĕtanggor ing sela, kang dherek wus mantuk sami, ĕnĕngna ingkang wus mulya, Kangjĕng Sultan kang winarni,	Itulah pertanda jika diridhai Hyang Widi tidak terhalang oleh batu. Para pengantar sudah pulang dihentikan (kisah) yang sudah mulia. Diceritakan tentang Kanjeng Sultan.

[17] Dalam naskah *pratondha*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
148.	Sarěng mangkat Kangjěng Ratu, mapan tambuh tyasireki, rěmpu wus datan pakarsa, dadya liwung mring kang kardi, wus tan kraos aneng donya, nging sangět pěnamurneki,	Setelah Kanjeng Ratu wafat hatinya menjadi kacau remuk dan tidak berhasrat apapun menjadi marah kepada sang pencipta. (Ia) merasa tidak betah di dunia tapi hal itu sangat disamarkan.
149.	Měngkana pan tědhak iku, mring sěndhang satěngah kali, mapan mawi pagěr rela, sing jawi datan kaheksi, Jěng Sultan sěsarean, neng sela pinggire warih,	Demikianlah, lalu (Kanjeng Sultan) pergi menuju sendhang di tengah sungai dengan berpagar batu, dari luar tidak kelihatan. Kanjeng Sultan merebahkan diri pada batu yang dikelilingi air.
150.	Tan wontěn kang dhe(**h.368**)rek iku, tědhaknya nanging pribadi, kěparak samya kecalan, tědhaknya wontěn uning, Nyai Lurah Sěcanama, lan nyai soka ngulati,	Tidak ada yang mengantar. (Ia) pergi hanya sendiri. Para keparak (merasa) kehilangan sebab kepergian (Sultan) tidak ada yang tahu. Nyai Lurah Secanama dan Nyai Soka mencari-cari,
151.	Mapan dangu tan katěmu, Paněmbahan atanya ris, sira anggoleki sapa, lurah kalih matur aris, ngupados putra pan duka, sampun dangu tan kěpanggih,	sekian lama tidak ketemu. Panembahan bertanya pelan “Kamu mencari siapa?” dua lurah berkata pelan “Mencari putra paduka, sudah lama tidak ketemu.”
152.	Paněmbahan langkung gugup, nulya tumut ngupadosi, měngkana anulya ana, ingkang wong angangsu bali,[18]	Panembahan sangat gugup lalu ikut mencari. Begitulah, lalu ada orang yang pulang dari menimba
153.	Ingkang ngangsu aturipun,	Si penimba berkata,

[18] Dalam naskah hanya empat baris

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	putra dalěm Sri Bupati, mapan sare aneng sela, sapinggiring sěndhang iki, Paněmbahan nusul nulya, lawan sagung para putri,	"Putra Paduka Raja tidur di (atas) batu di tepi sendhang ini." Panembahan segera menyusul bersama para putri semua.
154.	Paněmbahan prapta sampun, lawan ngěmu waspa iki, Kangjěng Sultan angandika, wontěn punapa kiyahi, pan ayun adus kawula, dereng wontěn kang ngladosi	Panembahan sudah datang Dengan berkaca-kaca, Kanjeng Sultan berkata "Ada apa kyai?" "Hamba sedang akan mandi belum ada yang melayani"
155.	Lajěng siram kang Sinuhun, mundhut patělěsa(**h.369**)n iki, kinarya namur kang rama, děrapon aca tyasneki, ri wus mapan kondur nulya, sědaya tan kantun sami,	Sinuhun lalu mandi mengambil jarik untuk mandi dipakai menyamarkan sang ayah supaya senang hatinya. Setelah selesai, lalu pulang, tidak ada yang tertinggal
156.	Sarěng enjing lěnggah iku, Sang Nata aneng pěndhapa, lawan Kangjěng Paněmbahan, mapan gagujěngan iki, Pangran Ngabdul Majid prapta, myang sagung kang dherek sami,	Setelah pagi, duduklah Paduka Raja di pendapa bersama Kanjang Panembahan (sambil) bersenda gurau. Pangeran Abdul Majid datang bersama semua pengikutnya.
157.	Esmu kagyat kang Sinuhun, dene prapta měksih enjing, Pangran Ngabdul Majid turnya, kawula tan nyipěng yěkti, pan anglir tiyang supěna, tulak kědalon ing margi,	Sinuhun terlihat kaget sebab datang di waktu pagi. Pangeran Abdul Majid berkata, "Sungguh saya tidak menginap bagaikan orang yang bermimpi, langsung pulang (supaya) tidak kemalaman di jalan.
158.	Mapan inggih wau dalu, nyipěng ing gěgulu sami,	Tadi malam menginap di Gegulu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan sakanca sadaya, wus katur niskaraneki, wus mungěl lajěng punika, měngkana wong prapti	bersama teman (prajurit) semua." Sudah disampaikan semuanya juga sudah disebutkan. Demikian ada seseorang yang datang
159.	Saking ing kulur kaburu, nulya kinen dangu iki, měngkana pan aturira, kang kulur dipunběsmeni, Ki Maja lawan Pangeran, Suryenglaga mapan gěndring	dari Kulur (tampak) tergesa-gesa, lalu disuruh menanyakan (maksud kedatangannya). Beginilah ucapnya "Kulur telah dibakar, Ki Maja dan Pangeran Suryenglaga berlari tunggang langgang.
160.	Lumajěng (**h.370**) arěbut dhuwung, nanging Pangěran Ngěbehi, wau pan botěn kantěnan, měngsah lajěng anututi, wau satingal kawula, kěnděl wontěn bakung sami	Berlari mencari selamat. Hanya Pangeran Ngabei sudah tidak diketahui (nasibnya) musuh mengejarnya. Tadi sepengetahuan saya, (musuh) beristirahat di Bakung.
161.	Di dalěm prajurit sagung, baris wontěn wangkit sami, neng Pangasih Kyahi Maja, mesěm Kangjěng Sri Bupati, Paněmbahan gugup ing tyas, měngkana aturireki,	Abdi dalem dan prajurit semua berkumpul di Wangkit (dan) Kyai Maja di Pengasih." Kanjeng Sri Bupati Tersenyum (sedang) Panembahan gugup dalam hatinya. Beginilah perkataannya,
162.	Apa nora mingsir iku, Sultan sakeh repot iki, ngandika Sri Naranata, wontěn punapa Kyahi, sěnadyan kapir dhatěnga, mantra lěbět anyampuni,	"Apakah itu tidak menggeser segenap prajurit ini, Sultan". Berkata Paduka Raja, "Ada apakah kyai? Walaupun (orang) kafir datang Mantri lěbět akan membereskan"
163.	Ngandika ingkang Sinuhun, undanga Ki Maja iki, neng Pěngasih amek apa,	Sinuhun berkata, "Undanglah Ki Maja, (sebab) di Pengasih mencari apa"

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	gya lumampah kang tinuding, luruh mantri lěbět ika, mapan pra wiraděksaneki,	Yang diutus segera berangkat, Ia adalah lurah mantri lěbět bernama Wiradeksana.
164.	Tan pantara prapta sampun, mapan kapěthuk ing margi, lajěng sohan mring Nalendra, dinangu aturireki, (**h.371**) mapan sampun wangsul laknat, mila amba mantuk yěkti,	Tidak beberapa lama sudah datang, (mereka) berpapasan di jalan, lalu menghadap Paduka Raja. Ditanya (lalu) jawabnya, "Si laknat telah kembali, oleh sebab itu saya pulang
165.	Langkung kuwat sotya sahulun, dhumatěng Paduka Aji, mesěm Sang Nata ngandika, mara gusti Basah kalih, heh Basah sesuk mangkata, lawan sira sun bantoni,	hati saya sangat khawatir pada Paduka Raja". Paduka Raja senyum lalu berkata kepada dua Gusti Basah "Hei Basah, berangkatlah esok hari, aku beri bantuan untukmu,
166.	Si Puthut Lawa sireku, ing waja gitiken maning, Gusti Basah tur sandika, anulya luwar Sang Aji, ing dalu datan winarna, enjing budhal Basah kamil,	dialah Puthut Lawa. kembali seranglah Waja". Gusti Basah berkata "Sendika" Paduka Raja segera meninggalkan (tempat). Pada malam hari tidak diceritakan. Basah Kamil berangkat pagi hari
167.	Kalawan Raden Tuměnggung, Puthut Lawa pan angirid, ing mantri lěbět sadaya, tan winarna sampun prapti, ing Těmon Jěng Gusti Basah, wus panggih lan Pangran Behi,	bersama Raden Tumenggung Puthut Lawa, memandu semua mantri lěbět. Tidak diceritakan (perjalanannya) sudah tiba di Temon, Kanjeng Gusti Basah (ia) sudah bertemu dengan Pangeran Bei
168.	Lan Ngusman Li Basah iku, nulya Kangjěng Pangeran Behi, nimbali dhatěng kang wayah, Jěng Pangran Dipaněgari,	dan Usman Ali Basah. Kanjeng Pangeran Bei segera memanggil cucunya Kanjeng Pangeran Dipanegara

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan pagělan Basah tiga, samya kinen jěbol iki,	dan Pagelan tiga Basah semuanya disuruh menggempur,
169.	Nyaběta pan saking pungkur, ing ngajěng ingkang nadhahi, pan Basah ka(**h.372**)lih punika, sandika samya turneki, nging putu aja melu sira, pan akeh kuwatir neki,	menyabet dari arah belakang (lalu) dari arah depan yang menyerang. Dua Basah itu bersedia semua, ucapnya “Namun, cucu janganlah kau ikut, sebab banyak yang mengkhawatirkan(mu)”.
170.	Sampun dados rěmbagipun, dalu mapan jěbol sami, mring pagělan Basah tiga, Basah Ngabdul Latip ngirid, enjing lajěng campuh yuda, angsal pitulung Yyang Widi,	Sudah menjadi keputusannya akan menggempur pada malam hari ke Pagelan (bersama) tiga Basah. Basah Abdul Latif yang memandu. (Mereka) berperang pada keesokan hari (Mereka) mendapat pertolongan Hyang Widi,
171.	Laknatolah dhadhal iku, mundur marang Kědhu malih, mapan kathah ingkang pějah, nging Islam wilujěng sami, nanging beteng sampun dadya, pan lajěng kiněpung iki,	Laknatullah kocar-kacir mundur menuju Kedu lagi dan banyak yang tewas. Namun (orang) Islam semuanya selamat, tetapi benteng sudah jadi lalu dikepung.
172.	Mring pagělan wetan iku, nulya kondur Pangran Behi, lan Pangran Dipanagara, tan kantun kang Basah kalih, pagělan pan sampun mulya, kawarnaha Sri Bupati,	Menuju sebelah timur Pagelan lalu Pangeran Bei pulang dan Pangeran Dipanegara tidak tertinggal dua Basah. Pagelan sudah kembali. Diceritakan tentang Paduka Raja
173.	Ingkang lagya tyasna wuyung, nging Jěng Ratu kang kaheksi, nging sangět panampurira, kalamun lagya siniwi, gujěngan lawan kang rama,	yang sedang bersedih hati hanya Kanjeng Ratu yang nampak tapi sangat disamarkan apalagi ia sedang dihadap berbincang dengan sang ayah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	anglir mas kentiring warih,	bagaikan emas yang terhanyut di air.